



Pou Piblikasyon Imedya: 05/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON PARE POU KÒMANSE NAN  
NOUVO WONPWEN OTOU WOUT ETA 376 NAN KONTE DUTCHESS**

***Pwojè a pral rekonfigire entèseksyon ak Hooker Avenue nan Vil Poughkeepsie  
pou amelyore sikilasyon an epi amelyore sekirite sou wout ki okipe anpil la***

***Nouvo akomodasyon pou pyeton yo pral amelyore aksè ak Vassar College***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay pral kòmanse byento sou yon pwojè 11.4 milyon dola pou rekonfigire entèseksyon State Route 376 (yo rele tou Raymond Avenue/New Hackensack Road) ak Hooker Avenue nan Vil Poughkeepsie pou kreye yon wonpwen modèn ki gen yon sèl vwa ki pral amelyore sekirite ak amelyore sikilasyon sou wout enpòtan Konte Dutchess sa a. Nouvo wonpwen an pral genyen peyizaj enijè epi yo pral fèt pou redwi potansyèl pwen konfli otomobilis yo ak pyeton yo rankontre, pandan y ap kreye mwens sekou. Nouvo pasaj pou pyeton yo, twotwa yo ak lòt akomodasyon pou pyeton yo pral amelyore aksè tou nan destinasyon ki tou pre yo, tankou Vassar College ak Vassar Farms.

"Eta New York kontinye ap trase wout la nan re-imagjine enfrastruktik nou an pou kreye yon rezo transpò dirab ki pi byen konekte kominote yo epi mennen moun kote yo bezwen ale an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Wonpwen yo pi efikas, pi bon pou anviwònman an, epi amelyore sekirite ak mobilite pou otomobilis yo ak pyeton yo pandan y ap vwayaje nan kote ki okipe yo."

Pwojè a te planifye ak konsevwa pou atenn objektif inisyativ "Lari Konplè" (Complete Streets) Depatman Transpò Eta New York la pou konsidere aksè ak deplasman ki konfòtab ak an sekirite pou itilizatè wout la ki gen tout laj ak kapasite. Pwojè Lari Konplè yo konsidere bezwen pyeton, siklis, pasaje transpò piblik, otomobilis, timoun, granmoun aje ak moun ki andikape yo. Konsepsyon Lari Konplè yo kontribye nan yon sistèm transpò ki pi pwòp ak pi adapte ak anviwònman an.

Yo konsevwa wonpwen yo pou maksimize sekirite ak minimize blokis. Konpare ak kèk entèseksyon tradisyonèl, sikilasyon an sikile pi lib atravè wonpwen yo, sa ki diminye anbouteyaj ak tan vwayaj yo. Aksidan nan won pwen yo gen tandans pou yo mwens grav paske yo tipikman pwodui ak vitès ki pi lan. Won pwen yo elimine tou nesese pou siyal sikilasyon ki mache ak elektrisite. Pou jwenn konsèy sou fason pou w navige yon

wonpwen san danje, gade videyo ansèyman itil sa a: [www.youtube.com/watch?v=xcxnCngm7E4](http://www.youtube.com/watch?v=xcxnCngm7E4)

Pandan konsepsyon pwojè a, Depatman Transpò Eta New York la te chèche opinyon nan men ofisyèl Vassar College ak pati konsène nan kominote a. Kòm rezilta, nouvo wonpwen an pral fasilite aksè amelyore tou nan chemen pou pyeton kolèj la, nouvo lojman kò pwofesè yo ak nouvo ale Vassar Farm lan.

Anplis de sa, pwojè a bay nouvo zòn jaden, ki gen ladan nan sant wonpwen an. Pou kenbe bèlte kominote a, achitèk peyizaj NYSDOT yo te devlope yon plan pou peyizaj ki gen ladan apeprè 59 pye bwa endijèn plante ak plis pase 600 plant vivas endijèn. NYSDOT te itilize teknik livrezon dijital tou nan prepare pwojè a, limite kantite dokiman papye yo te pwodwi epi fasilite yon rezilta ki pi dirab ak pratik pou anviwònman an.

Travay preparasyon teren, apantaj ak sèvis piblik demare pandan prentan sa a, ak majorite konstriksyon pwojè yo pwograme pou sezon konstriksyon 2024 la. Konstriksyon yo prevwa fèt an plizyè etap epi yo pral gen ladan chanjman sikilasyon ak altènasyon sikilasyon nan yon sèl sens ak fèmti peryodik. Yo prevwa pou pwojè sa fini nan sezon prentan 2025.

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Nan DOT fokis nou se sou moun ak kominote nou sèvi yo, epi pwojè sa a montre filozofi sa a ak yon konsantrasyon sou solisyon enfrastrikti ki anplwaye prensip lari konplè ki sèvi kominote a. Transfòme entèseksyon Konte Dutchess ki okipe sa a an yon wonpwen pral diminye anbouteyaj pandan y ap amelyore sekirite ak amelyore aksè pou tout itilizatè sistèm transpò a."

**Senatè Eta Robert Rolison, te deklare,** "Pwojè enfrastrikti sa a pral fasilite sikilasyon nan yon koridò chaje, amelyore sekirite chofè ak pyeton, epi elaji opsyon transpòtasyon pou rezidan Vil Poughkeepsie ak lòt moun. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak ofisyèl Depatman Transpò yo paske yo te envesti nan wout Hudson Valley nou yo epi mwen pa katann finisman wonpwen sa a ki nesèsè anpil."

**Manm Asanble Didi Barrett te deklare,** "Antanke yon defansè depi lontan pou prensip Lari Konplè yo, ki fè efò pou asire sikilasyon san danje epi san pwoblèm pandan y ap akomode otomobilis, siklis, transpò piblik ak pyeton ki gen tout laj ak tout kapasite, mwen kontan wè gwo pwojè rekonsepsyon sa a kòmanse nan Hooker Avenue ak Raymond Avenue, jis anba lari ki soti nan biwo distri nou an nan Vil Poughkeepsie. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Depatman Transpò Eta New York la pou sipò yo nan amelyorasyon enfrastrikti enpòtan sa a."

NYSDOT bay plis enfòmasyon sou entènèt konsènan wonpwen yo, ansanm ak ti livrè yo ka telechaje, nan [www.dot.ny.gov/main/roundabouts](http://www.dot.ny.gov/main/roundabouts). Gen yon videyo enstriksyon sou fason pou navige san danje sou wonpwen yo ki disponib nan [driving roundabouts](#).

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Suiv DOT Eta New York la sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT HV](https://twitter.com/NYS DOT HV). Jwenn NYSDOT sou Facebook nan [facebook.com/NYS DOT](https://facebook.com/NYS DOT).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)